

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan, analisis, jeung pedaran kamamuh nulis karangan éksposisi ngagunakeun modél pangajaran *quantum teaching* ka siswa kelas VIII C SMPN 12 Bandung taun ajaran 2014/2015, bisa dicindekkeun ieu di handap.

- 1) Kamampuh nulis karangan éksposisi siswa kelas VIII C SMPN 12 Bandung taun ajaran 2014/2015 saméméh ngagunakeun modél pangajaran *quantum teaching* kaasup teu nyugemakeun. Hasil rata-rata *pretest* nya éta 49,44, hartina siswa can mampuh nulis karangan éksposisi. Kamampuh nulis karangan éksposisi aspék *penilaian* eusi tina hasil *pretest* nuduhkeun yén kamampuh siswa kaasup sedeng-cukup, hartina karangan siswa informasina kawates, substansi kurang, mekarkeun tesis kurang, teu cukup masalah, jeung teu cukup. Peunteun rata-ratana nya éta 10,21 (34%). Kamampuh nulis karangan éksposisi aspék *penilaian* organisasi tina hasil *pretest* nuduhkeun yén kamampuh siswa sedeng-cukup, hartina karangan siswa teu lancar, gagasan teu sistematis, urutan jeung kamekaran tesis teu logis. Peunteun rata-ratana nya éta 10,93 (54%). Kamampuh nulis karangan éksposisi aspék *penilaian* diksi tina hasil *pretest* nuduhkeun yén kamampuh siswa sedeng-cukup, hartina poténsi ngagunakeun kecap kawates, loba kasalahan dina pilihan kecap anu mangaruhan ma'na. Peunteun rata-ratana nya éta 11,10 (55%). Kamampuh nulis karangan éksposisi aspék *penilaian* ngagunakeunna basa tina hasil *pretest* nuduhkeun yén kamampuh siswa sedeng-cukup, hartina aya kasalahan serius dina konstruksi kalimat, ma'na teu ajeg. Peunteun rata-ratana nya éta (56%). Kamampuh nulis karangan éksposisi aspék *penilaian* mékanik tina hasil *pretest* nuduhkeun yén kamampuh siswa sedeng-cukup, hartina karangan siswa loba kasalahan éjahan, ma'na teu ajeg. Peunteun rata-ratana nya éta 2,97 (59%).

- 2) Kamampuh nulis karangan éksposisi siswa kelas VIII C SMPN 12 Bandung taun ajaran 2014/2015 sabada ngagunakeun modél pangajaran *quantum teaching* kaasup nyugemakeun. Hasil rata-rata *posttest* nya éta 79,10, hartina siswa mampuh nulis karangan éksposisi. Kamampuh nulis karangan éksposisi aspék *penilaian* eusi tina hasil *posttest* nuduhkeun yén kamampuh siswa cukup-alus, hartina karangan siswa informasina cukup, substansi cukup, mekarkeun tesis kawates, relevan jeung masalah, tapi teu lengkep. Peunteun rata-ratana nya éta 22 (73%). Kamampuh nulis karangan éksposisi aspék *penilaian* organisasi tina hasil *posttest* nuduhkeun yén kamampuh siswa cukup-alus, hartina karangan siswa kurang lancar, kurang sistematis, tapi katémbong ide utamana, bahan pangrojong kawates, urutan logis, tapi teu lengkep. Peunteun rata-ratana nya éta 16,90 (84%). Kamampuh nulis karangan éksposisi aspék *penilaian* diksi tina hasil *posttest* nuduhkeun yén kamampuh siswa cukup-alus, hartina karangan siswa kurang mernih dina ngagunakeun kecap, pilihan kecap kurang mernih tapi teu mangaruhan ma'na. Peunteun rata-ratana nya éta 15,93 (79%). Kamampuh nulis karangan éksposisi aspék *penilaian* ngagunakeunna basa tina hasil *posttest* nuduhkeun yén kamampuh siswa cukup-alus, hartina karangan siswa konstruksina basajan tapi éféktif, saeutik kasalahan dina konstruksi kompléks, aya kasalahan tapi ma'na ajeg. Peunteun rata-ratana nya éta 20,34 (81%). Kamampuh nulis karangan éksposisi aspék *penilaian* mékanik tina hasil *posttest* nuduhkeun yén kamampuh siswa cukup-alus, hartina karangan siswa saeutik kasalahan éjahan, ngan teu ngarobah ma'na. Peunteun rata-ratana nya éta 3,93 (78%).
- 3) Ngaronjatna kamampuh nulis karangan éksposisi siswa kelas VIII C SMPN 12 Bandung taun ajaran 2014/2015 sabada ngagunakeun modél pangajaran *quantum teaching* bisa katitén tina babandingan hasil *pretest* jeung *posttest* anu nuduhkeun yén rata-rata hasil *pretest* jeung *posttest* siswa ngaronjat tina 49,44% jadi 79,10%. Hartina, gedéna pangaruh modél pangajaran *quantum teaching* dina ngaronjatkeun kamampuh nulis karangan éksposisi téh nya éta

29,7%. Kamampuh nulis karangan éksposisi aspék *penilaian* eusi tina hasil *pretest* miboga peunteun rata-rata 10,21 (34%) sabada *posttestna* peunteun rata-rata jadi 22 (73%), hartina gedé pangaruh modél pangajaran *quantum teaching* dina ngaronjatkeun aspék eusi dina nulis karangan éksposisi siswa téh nya éta 11,79 (39%). Kamampuh nulis karangan éksposisi aspék *penilaian* organisasi tina hasil *pretest* miboga peunteun rata-rata 10,93 (54%) sabada *posttestna* peunteun rata-rata jadi 16,90 (84%), hartina gedé pangaruh modél pangajaran *quantum teaching* dina ngaronjatkeun aspék organisasi dina nulis karangan éksposisi siswa téh nya éta 5,97 (29%). Kamampuh nulis karangan éksposisi aspék *penilaian* diksi tina hasil *pretest* miboga peunteun rata-rata 11,10 (55%) sabada *posttestna* peunteun rata-rata jadi 15,93 (79%), hartina gedé pangaruh modél pangajaran *quantum teaching* dina ngaronjatkeun aspék diksi dina nulis karangan éksposisi siswa téh nya éta 1,5 (24%). Kamampuh nulis karangan éksposisi aspék *penilaian* ngagunakeunna basa tina hasil *pretest* miboga peunteun rata-rata 14,24 (56%) sabada *posttestna* peunteun rata-rata jadi 20,34 (81%), hartina gedé pangaruh modél pangajaran *quantum teaching* dina ngaronjatkeun aspék makéna basa dina nulis karangan éksposisi siswa téh nya éta 6,1 (24%). Kamampuh nulis karangan éksposisi aspék *penilaian* mékanik tina hasil *pretest* miboga peunteun rata-rata 2,97 (59%) sabada *posttestna* peunteun rata-rata jadi 3,93 (78%), hartina gedé pangaruh modél pangajaran *quantum teaching* dina ngaronjatkeun aspék mékanik dina nulis karangan éksposisi siswa téh nya éta 0,96 (19%).

- 4) Kamampuh nulis karangan éksposisi siswa kelas VIII C SMPN 12 Bandung taun ajaran 2014/2015 ngaronjat kalayan signifikan. Rata-rata hasil *pretest* 49,44% sabada *posttest* ngaronjat jadi 79,10%. Hartina, gedéna pangaruh modél pangajaran *quantum teaching* dina ngaronjatkeun kamampuh nulis karangan éksposisi téh nya éta 29,7%. Hasil uji béda dua rata-rata nuduhkeun yén  $t_{itung} > t_{tabel}$  nya éta  $21,80 > 2,47$ , hartina hipotésis kerja ( $H_a$ ) ditarima jeung hipotésis nol ( $H_0$ ) ditolak.

Dumasar hasil ieu panalungtikan, bisa dicindekkeun yén aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis karangan éksposisi siswa kelas VIII C SMPN 12 Bandung taun ajaran 2014/2015 saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *quantum teaching*.

## 5.2 Implikasi

Nulis karangan éksposisi ngagunakeun modél *quantum teaching* dilarapkeun ngaliwatan rumus modalitas V-A-K. Modalitas V-A-K téh nya éta singgetan tina visual, auditorial, jeung kinéstésik. Anu léngkah-léngkahna dijéntrékeun ieu di handap.

- 1) Dina muka lawungan siswa dibéré motivasi nulis ngaliwatan pidangan poster-poster *afirmasi* anu luyu.
- 2) Siswa dibéré pidangan video ngeunaan sababaraha kaulinan barudak, anu engkéna bakal dipaénkeun ku siswa.
- 3) Guru jeung siswa méré ngaran kagiatan diajarna dumasar kasapukan babarengan.
- 4) Siswa dibéré conto karangan éksposisi.
- 5) Siswa dibéré kasempetan pikeun ngébréhkeun pangaweruh awal ngeunaan karangan éksposisi jeung kaulinan barudak.
- 6) Guru ngademonstrasikeun naon ari karangan éksposisi, kumaha cara nyieunna jeung naon kaulinan barudak téh.
- 7) Siswa dibéré umpan balik ku cara nitah salasihiji siswa pikeun nuliskeun naon anu geus kacangkem.
- 8) Guru nyetel musik klasik anu bakal ngarangsang kaluarna imajinasi siswa;
- 9) Béré pujian anu atawa reward ka siswa anu aktif salila lumangsungna pangajaran.

Tina kacindekan jeung léngkah-léngkah pangajaran di luhur, ngahasilkeun implikasi panalungtikan ieu di handap.

Sabada pangajaran nulis karangan éksposisi ngagunakeun modél pangajaran *quantum teaching*, siswa kelas VIII C SMPN 12 Bandung taun ajaran 2014/2015 leuwih:

- 1) miboga motivasi pikeun ngébréhkeun gagasannana dina wangun tinulis;
- 2) kritis, jeung aktif dina ngébréhkeun kamandangna ngeunaan hiji pasualan di hareupeun kelas;
- 3) parigel dina ngamekarkeun eusi karangan, ogé lengkep dina organisasi ngaruntuykeun pasualan dina hiji karangan;
- 4) parigel milih kecap anu mernah keur ngébréhkeun maksud dina hiji kalimah; jeung
- 5) maham kana éjahan basa Sunda, jeung parigel ngawangun jeung ngalarapkeun kalimah dina paragraf.

### 5.3 Saran

Dumasar kana hasil panalungtikan ngeunaan kamampuh nulis karangan éksposisi ngagunakeun modél pangajaran *quantum teaching* ka siswa kelas VIII C SMPN 12 Bandung taun ajaran 2014/2015, ieu di handap dijéntrékeun sababaraha saran.

- 1) Hasil panalungtikan anu geus dilaksanakeun nuduhkeun yén modél pangajaran *quantum teaching* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis karangan éksposisi. Ku kituna, ieu modél téh bisa jadi bahan alternatif pikeun guru dina pangajaran nulis karangan éksposisi, ogé pikeun ngaronjatkeun kompetensi pangajaran séjénna.
- 2) *Implementasi* model pangajaran *quantum teaching*, saupama rék dipaké dina pangajaran aya sababaraha hal anu kudu dititénan, nya éta: a) wangun posisi bangku siswa kudu bener-bener diperhatikeun, ku sabab sakabéh siswa kudu katalingakeun jeung bener-bener nyangking sakabéh informasi tina pangajaran, b) léngkah-léngkah modél pangajaran *quantum teaching* kudu bener-bener dilaksanakeun ku siswa kalawan ngaruntuy, c) poster afirmatif anu dipaké pikeun ngarangsang motivasi siswa dina nulis kudu ngirut jeung ngagunakeun

Yogi Yogaswara Yanuariska, 2015

*Model pangajaran quantum teaching pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis karangan eksposisi*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

warna anu kontras, d) organisasi kelas kudu hadé sangkan tepat kana waktu anu geus dirarancang, jeung e) leuwih asak dina ngararancang pangajaran.

Yogi Yogaswara Yanuariska, 2015

*Model pengajaran quantum teaching pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis karangan eksposisi*

Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](https://repository.upi.edu) | [perpustakaan.upi.edu](https://perpustakaan.upi.edu)